

BAHASA SUNDA

Regepkeun video ieu!



A. Pilih jawaban nu sasuai!

1. Riwayat hirup hiji jalma anu ditulis ku jalma séjén disebut ...
a. biografi b. otobiografi

2. Baca !

Wasta abdi Yuyu Siti Habibah, abdi lahir di Cianjur dinten Rebo kapung 10 Nopember 1999 anak kahiji ti 3 sadulur ti kaluarga Bapa Aceng Umar sareng Ibu Tuti Suryani. Abdi gaduh ra'i 2, anu ka dua kelas 2 SD Namina Yuliani Roziyanti, anu ka tilu mah teu acan sakola yuswa na ge nembe 3 sasih namina Hafiz Mahardika.

Teks di luhur kaasup teks. . . .

- a. biografi b. otobiografi

3. Baca !

Dina dunya seni hiburan geus moal bireuk ka ngaran Bokir (almarhum), pelawak lénong Betawi, kitu deui ka ngaran Mandra, Omas jeung Mastur, pelawak entragan ngora nu panginditanana tina seni topeng Betawi.

Teks di luhur kaasup teks....

- a. biografi b. otobiografi

B. Ayeuna tengetan kalimah-kalimah di handap ieu. Pék téangan nu ka asup kalimah pagawéan !

No	Kalimah	Kalimah pagawéan /Lain kalimah pagawéan
1	Pa Dedi maos koran	
2	Pa Ajip tokoh pinunjul	
3	Mang Mumuh lalajo wayang	
4	Acuk téh tos gararing	
5	Neng Ara ngetik sajak	
6	Ibu Widi nuju tuang	
7	Komputerna dua	

C. Pasangkeun ku cara narik garis rupa kalimah parentah jeung contona !

- | | | |
|-------------------------|---|-----------------------------------|
| kalimah panitah | • | • Mudah-mudahan isuk teu hujan! |
| kalimah paménta | • | • Mah, nyuhunkeun acuk enggal! |
| kalimah pangarep-ngarep | • | • Ulah nincak kadinya! |
| kalimah pangajak | • | • Jang, geura sholat duhur heula! |
| kalimah panyaréék. | • | • Hayu, urang angkat pa! |